

**APLIKASYON POU EKSEPSYON POU SÈVIS MOUN  
MAJÈ LAKAY YO AK NAN KOMINOTE YO**

Non Moun k ap Fè Aplikasyon an: \_\_\_\_\_  
(Ekri aklè an lèt detache)

Adrès Moun k ap Fè Aplikasyon an: \_\_\_\_\_

Dat nesans moun lan: (mwa/dat/lane): \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_ Nimewo Sekirite Sosyal: \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

Èske DDS jwenn moun k ap fè aplikasyon an kalifye paske li gen yon andikap entelektyèl?  Wi  Non

Non moun ki Responsab Legal li (si genyen): \_\_\_\_\_

Ki moun pou yo kontakte: \_\_\_\_\_

Kisa moun sa a ye pou moun k ap fè aplikasyon an: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn moun pou yo kontakte a: (\_\_\_\_) \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_

METE YON MAK DEVAN YOUN NAN 4 OPSYON PI BA LA YO: (gade sou lòt bò papye a, pou wè deskripsyon pwogram yo)

1.  M ap fè **aplikasyon pou nenpòt nan 3 Pwogram Eksepsyon pou Moun Majè DDS yo**.
  - Mwen byen konprann, si mwen chwazi opsyon sa a, premye pwogram yo pral gade si mwen kalifye pou li, se Pwogram Eksepsyon pou Sèvis Moun Majè a (Adult Supports Waiver Program); si yo jwenn mwen kalifye pou pwogram sa a, yo pa pral gade si mwen ka jwenn okenn lòt pwogram eksepsyon nan DDS ankò.
  - Si yo jwenn mwen pa kalifye pou Pwogram Eksepsyon pou Sèvis Moun Majè a, yo pral evalye kalifikasyon mwen pou Pwogram Eksepsyon pou Viv nan Kominote a (Community Living Waiver Program). Si yo jwenn mwen kalifye pou Pwogram Eksepsyon pou Viv nan Kominote a, yo pa pral gade si mwen ka jwenn okenn lòt pwogram eksepsyon nan DDS ankò.
  - Si yo jwenn mwen pa kalifye pou Pwogram Eksepsyon pou Viv nan Kominote a, yo pral evalye kalifikasyon mwen pou Pwogram Eksepsyon pou Sipò Entansif la (Intensive Supports Waiver Program).
2.  M ap fè **aplikasyon sèlman pou Pwogram Eksepsyon pou Sèvis Moun Majè a** paske mwen viv lakay mwen, oubyen m ap viv poukont mwen, oswa nan yon lòt kay, epi mwen bezwen omwen yon sèvis eksepsyon. Yo pa pral gade si mwen ka jwenn okenn lòt pwogram eksepsyon.
3.  M ap fè **aplikasyon sèlman pou Pwogram Eksepsyon pou Viv nan Kominote a** paske mwen bezwen yon nivo sipò modere pou ede mwen viv lakay mwen, oswa kay fanmi mwen, oswa kay yon lòt moun, san mwen pa bezwen sipèvizyon 24 sou 24. Yo pa pral gade si mwen ka jwenn okenn lòt pwogram eksepsyon.
4.  M ap fè **aplikasyon sèlman pou Pwogram Eksepsyon pou Sipò Entansif la** paske mwen bezwen sipèvizyon 24 sou 24. Yo pa pral gade si mwen ka jwenn okenn lòt pwogram eksepsyon.

**DEKLARASYON SOU CHWA MOUN LAN**

Mwen, \_\_\_\_\_, k ap fè aplikasyon an (Moun lan oswa Responsab Legal li), chwazi pou fè aplikasyon pou Pwogram Eksepsyon pou Sèvis Moun Majè Lakay yo ak nan Kominote yo, epi pou viv ak resevwa sèvis nan kominote mwen, pase pou mwen ta ale nan yon Sant Swen Entèmedyè (Intermediate Care Facility) pou Moun ki gen Andikap Entelektyèl (ICF/ID).

SIYATI: \_\_\_\_\_

DAT: (mwa/jou/lane) \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

Ekri enfòmasyon yo mande yo, epi retounen fòmilè a nan lapòs bay:

**Department of Developmental Services  
Waiver Management Unit  
500 Harrison Avenue  
Boston, MA 02118  
(888) 367-4435 [www.mass.gov/ddc](http://www.mass.gov/ddc)**